

Mani ak Depresyon

Sentòm sa yo se kèk pami sentòm twoub bipolè. Se pa tout moun ki genyen menm sentòm yo. Mete yon ti kwa soukote tout sentòm ou genyen yo. Pale avèk doktè ou konsènan sentòm ou yo nan chak vizit ou.

Mani-Bipolè (Fò)

- Gen plis enèji
- Bezwen dòmi mwens
- Pa ka reflechi sou yon bagay pandan lontan
- Pale plis - pa ka sispann pale
- Santi ou trè si de ou tèt ou
- Panse ou akonple anpil bagay - men se pa sa vre
- Fè aktivite danjere menm si yon move bagay ka rive

Depresyon-Bipolè (Fèb)

- Santi ou tris oswa deprime
- Pa okipe bagay ou te renmen anvan
- Manje plis oswa manje mwens
- Santi ou fatige
- Santi ou enève
- Pa ka reflechi oswa pa ka fè desizyon
- Santi ou pa bon moun oswa ou pa gen anpil valè
- Dòmi twòp oswa twò piti
- Panse a lanmò ou oubyen panse touye tèt ou

Ou ka gen peryòd mani ak depresyon nan lavi ou. Men avèk tretman, sentòm ou yo ka jere. Li enpòtan pou kontinye pran medikaman ou yo menm si ou santi ou refè.